Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 8 сентябрь
РУЗМАН
№ 38 (7473)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Байрам**

## Районалъул школазда байбихьана цIияб цIалул сон

**АГЪВАЛИ.** ТIоцебесеб сентябралда Лъаялъул къо кIодо гьабуна Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялъул азбаралда. Исанасеб цIалул сон ккола гимназиялъул тIоцебесеб сонлъун. Гьенир ракIарун рукIана мугIалимзаби, цIалдохъаби, умумул, школалъул ветеранал, лъайкьеялъул управлениялъул ва жанисел ишазул отделазул нухмалъулел.



Рохалилаб тадбир рагьана гимназиялъул директорасул заместитель МухIамаддибир Зубаировас.Лъималазда байрам баркун кIалъазе вахъарав гимназиялъул директор Шамил Абакаровас бицана цIияб сон кколин гимназия рагьаралдасан тIоцебесеб цIалул сонлъун, бицана араб цIалул соналъул хIасилазул , гимназиялъул коллективалда церечIарал масъалабазул ва киназдаго баркана тIаде щвараб байрам-Лъаялъул къо. Жиндирго баркиялъулаб кIалъаялъулъ Шамил Абакаровас абуна:

-ХIурматиял учительзаби, цIалдохъаби ва умумул! Гьале цIидасан рагьана нужее каваби Агъвали гимназиялъ. Гьанир гIуцIун руго жакъасеб заманаялъул тIалабазда рекъон лъай тIалаб гьабизе шартIал. Нужее рес щун буго цогидазда дандеккун къец бан цIализе ва хIалтIизе. Республикаялдаги нилъер цIалдохъабазулгун учительзабазул цIалул ва хIалтIул хIасилазухъ балагьун нилъ лъикIазул кьерулъ руго. Исана пачалихъиял экзаменазул хIасиласдалъун меседил медалалъе гимназия лъугIана выпускница Асият ГIабдулаевалъ, Дагъистан республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасул премия щвана лъикI цIаларал лъималазе. Гьездасан мисал босизе ккола нужецаги. ТIоцебесеб классалде рачIарал гьитIичазул буго жакъа кIудияб байрамкъо. Баркула гьездаги цIалул тIоцебесеб болъоялде рахин ва гьарула цIалулъ бергьенлъаби. Баркула киназдаго цIияб цIалул сон ва Къурбан хъвеялъул байрам, гьарула учительзабазегун цIалдохъабазе цIалулъ ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!

Хадур баркиялъулал кIалъаял гьаруна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Зайнаб ГIабдусаламовалъ, МВДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Элдар МухIамадовас, республикаялъул муфтияталъул районалда вугев вакил ГIабдулнасир ГIабдулмутIалибовас, Липецк областалъул жанисел ишазул управлениялъул заманалъ Агъвалиб чIараб оперативияб къокъаялъул нухмалъулев Константин Кремневас.

Байрам лъугIана мугIалимзабазе ракIбацIцIадаб хIалтIухъ шапакъатал кьеялдалъун ва лъималазул рохалилаб церерахъиналдалъун.

**Зулфия Сажидова**

**ГЬИГЬАЛЪ.** Школалъул гIумруялде байбихьи лъуна ШапихIажи ГIисаевасул цIаралда бугеб Гьигьалъ росдал школалъул анцIила кIиго тIоцебесеб классалъулас. ПонцIорабазулъгун тIугьдузул квацIабазулъ рахчарал гьезухъ балагьун хIайранлъун рукIана цо-цоял, цо-цоязухъ балагьунин абуни, хасго анцIила






цоабилеб классалъулазухъ, кколеб букIана гьез абулеб бугин школадул гIумрудул анцIила цо сон жеги цебе бугин, чан хиса-басидайха ккелеб нужер гIумрудулъилан. Гьеб кинабго бихьулеб букIана 1 сентябрь-Лъаялъул къоялъ росдал школалъул азбаралда линейкаялде ракIарал мугIалимзабазухъгун цIалдохъабазухъ балагьун.

Росулъе жанире сверидал, гьогьенцин батIияб речIчIана бадиб - цо хасаб гьуинлъи-тIагIамгун цIорой-хинлъи рекъараб, хIурул накIкIулъ ретун рачIунел рукIарал нижеда цIакъ хехго бичIчIана гьелъул батIалъи. Гьогьен-тIабигIаталде руссун рачIунел нижеда, рикIкIадасанго рихьана щибаб авалалдасан цоцоккун, кIи-кIиккун ран мугъзада портфелалгун, кодор тIугьдузул квацIабигун унел лъимал. Школалъул багьанаги батун, «Къурбанги къабулаб батаги»,-ян абулаго, жидеего конфет-печенье бакIаризе унел ратилин абун махсара гьабуна нижер шофер МахIмудапандица цадахъ вукIарав МухIамад ГIумаровасе. Хадубккун гьедин букIун батизеги бегьула иш, амма ниж школалде щвелалде мугIалимзабазда цадахъ нусиялда къоло щуго цIалдохъан вахъунчIана гьеб къоялъ школа сверун тIибитIун букIараб кечI-бакъаналда гъоркь, линейкаялда.

Гьеб рагьулаго, школалъул директор Муслим ВахIидовас цIалдохъабаздагун мугIалимзабазда ва умумуздагун гьалбадерида



лъаялъул къоялда цадахъго баркана гьелде данде исана ккараб хирияб къурбанкъоялъул байрамги ва гьарана цIалулъгун хIалтIулъ лъикIал бергьенлъаби, церечIарал масъалаби къинаризе къуватгун сабру..

«МугIалимзабазул масъалалъун ккола жакъасеб къо цIалдохъабазда, хасго гьал цIирачIарал гьитIичазда ракIалдачIолеблъун гьаби. Гьезда бичIчIизе ккола школалда жидехъ «балагьун» гIемер батIиял цIилъаби рукIин ва ракI пашманлъизе яги «гIомо борлъизе» жидер замана букIине гьечIеблъи, лъаялъул ханлъиялде цо чIван, кIиго чIван галигун, жидеца нух босизе ва бахъизе кколеблъи, гIелмудул тIогьире рахине ккани. КIудияб буго кIвар мугIалимасул гIун бачIунеб гIелалъе тарбиягун лъайкьеялъулъ ва цIалдохъанас хадубккунисеб гIумрудулъ кинаб нух тIаса бищилебали бараб буго жакъа мугIалимасулгун цIалдохъанасул гьоркьорлъабазда, гьезул цоцада ричIчIиялда»,-ян тIадчIей гьабуна Муслим ВахIидовас цIалдохъанасул гIумрудулъ мугIалимасул бугеб кIваралъул бицунаго.

Хадубккун гьес цIалдохъаби ахIана тIоцебесеб къоялдасан нахъего цIали-лъаялда тIадчIезе, ОГЭ ва ЕГЭ кьеялъул рахъалъ цебесеб кьерда бугеб школалъул цIар жеги тIадегIанал хIасиласдалъун рагIизабизе, хадубккунисеб гIумрудулъ районалда-республикаялда гурелги, улкаялъул батIи-батIиял регионазда хIалтIулел ругел ва 1999 соналъ гIагараб росдал ва районалъул ракьалде ахIичIого рачIарал закониял гурел яргъид гIуцIарал къокъабазе мустахIикъаб «дандчIвай» гьабурал цIар рагIарал ракьцоязул мисал босун хьвадизе ва, кире кканиги, гIадатияв ЦIумадисесул цIар борхатго кквезе.

**Байрам**

# Районалъул школазда байбихьана цIияб цIалул сон

1

Рохалилаб данделъиялда гIахьаллъарав районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумаровас, гIахьаллъаразда байрамалги баркулаго, баркала загьир гьабуна Муслим ВахIидовасул цIаралда школалъул тIолго коллективалъе араб цIалул соналда цIалулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ, РУОялъул ва школалъул жамгIияб гIумрудулъ гьабураб жигараб гIахьаллъиялъухъ, ва божилъи гьабуна хадубккунги хIасилал лъикIал рукIиналда.

«Гьал гьитIичаз лъаялъул улкаялде тIоцебесеб гали тIамулеб ва школалъул гIумрудулъ тIоцебесеб цIурмил гьаракь бахъулеб къо буго жакъа -1 сентябрь»,-ян абулаго, МухIамад ГIумаровас тIадчIей гьабуна цIалдохъаби цIали-лъаялде тIадегIлъизе ккеялда. -Жакъасеб къо буго школалъул партаялда хадуб чанги соназ гIодорчIезесезул байрам.




Гьарула мугIалимзабазе творческиял цIильаби гIемерльи, цIалдохъабазе-цIалулъ чIахIиял бергьенлъабигун Бихьинчилъиялъул орденал росарал, тIаде къо ккедал кьвакIи бихьизабурал кьварарал умумузул мисал босун, гьезда релълъун хвада-чIвади, умумузе - дорегIан кьан рукIинчIого, школалъул жамгIияб гIумрудулъ жигараб гIахьаллъи гьабун, мугIалимзабазулгун хурхен щулаго кквей.

Баркиялъулал кIалъаял гьарун, байрамалъулаб линейкаялда цере рахьана тIоцебесеб, щуабилеб ва анцIила цоабилел классазул цIалдохъаби, гьал мухъазул автор.

ЦIалдохъабаз рикIкIана кучIдул, мугIалимзабазе сайгъат гьаруна тIугьдул. Школалде цIалдохъаби ахIулеб тIоцебесеб цIумур кьабизе ихтияр щвана тIоцебесеб ва анцIила цоабилел классазул цIалдохъаби МухIамад ГIамирлаевасе ва Пайзула Пайзулаевасе. Сверухълъиялдаго бахьана цIурмил гьаракь, классалъул нухмалъулезда хадур жидерго классазде ана цIалдохъаби.

Педагогикияб захIматалъул ветеран ПатIимат Дибирасулаевалъ кьуна багьадурлъиялъул дарс, мисалазе рехсана Россиялъул БахIарчи, полициялъул лейтенат МухIамад НурбахIандовасул хвалда цересел «ХIалтIе, вацал» абурал рагIаби, 1999 соналъ росу тушманасдаса цIунулаго хварав Закир Султанов ва бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарал росуцоял. ГIемер мехалъ ракIалда чIела гьигьалъдерида 2017-2018 цIалул сон байбихьиялъул тадбир.

**Хадижат Залимханова**

## ЦIияб школа рагьана

**ИНХОКЪВАРИ**

1 сентябралда рохалилаб ахIвал-хIалалда рагьана Инхокъвари росулъ кIитIалаяб цIияб школа.

Педагогикияб коллективалда, цIалдохъабазда ва эбел-инсуда цIияб цIалул сон баркизе школа рагьиялъул байрамалде рачIун рукIана Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьарунов.

Баркиялъулал кIалъаязда хадуб къотIана багIараб чIоло ва киналго ана гьанжесел тIалабазда рекъон бараб школалъул хал гьабизе. Гьалбал рази хутIана гIатIидал, гвангъарал, цIияб алат-тIагIелги лъурал классал-кабинетаздасан.

Жиндирго сахаватлъи гьаб нухалъги бихьизабуна ГIабдурахIман Камиловас, школалъе тIоцебесеб хIажалъиялъул тIагIел-алат босизе гьес кьуна нусазарго гъурущ.

**ХОНОХЪ**

* * *

Рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана тIоцебесеб сентябралъ лъаялъул къоялда хурхараб тадбир Хонохъ гьоркьохъеб школалда. Гьебго къоялъ гьениб рагьана цIияб школа. Гьеб тадбирлда гIахьаллъарал Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас баркана цIалдохъабазда, учительзабазда ва эбел-инсуда цIияб школа рагьи ва цIалул цIияб сон байбихьи.

**Гъудул-гьалмагълъи**

# АхIи басра гьабичIого...

## ТIиндадерил мугIрулги Анцуялъарал чилиги жеги рихьа-рагIилин абураб хьулалда къо лъикI гьабуна дица ЦIумада мухьалъулгун



ТIинди росдал басрияб авал

АхIи басра гьабуге, гьудул къварид гьавугейилан аби батана магIарухъ. Огь, цо гьелъул камиллъи, гIадатлъи, гьварилъи. Чан гьединал абиялги биценалгиха нилъее нахъе тарал умумуз. Жакъасел гьезул ирсилазда чан гьединал абиялги биценалги лъалел? Щибха нилъеца нахъе толеб бугеб хадусел гIелазе? ГIадада гурелъул мунагьал чураяв Расул ХIамзатовас абураб бахIарчияв инсухъ гьанже васас босуларин къисас, хисанин къисматилан.

**Гьобол.** Гьев камураб рукъги росуги букIунароан цебе. КъватIисеб пачалихъалдаса вачIарав посоласде гIадинаб бербалагьи букIана гьесдехун. Хъизаналъе гIезегIан кванил сурсат бугониги, гьесул адабалда гьанситухъ цIа баккулаан ва цIияб хьаг лъолаан. Жалго цIорораб рокъор регун, гьесие хинаб рукъ бихьизабулаан, гьелда цIарги гьоболасул рукъилан абулаан. Гьоболасул хIама-чуялъеги хасаб хъулухъ гьабулаан. Риидалго нахърател гьабулаан гьелъие хIажатаб жоялъул. Жакъа экономикияб церетIеялъ нилъ рикIкIалъана дол нус-нус соназ умумуз цIунарал гIадат-гIамалаздаса ва нилъги хутIана рукъ гьечIел бесдалал кинигин.

ГIакъилал умумузул бицен батана ахир-къадги магIарухъе руссине ругилан. У, хIакъикъаталдаги ракI бохула рехесанги рачIун, чIвадназде руссун рукIарал бакIазда цIиял минаби эхетун рихьараб мехалда. Дун къисматалъ жеги балугълъиялде вахинчIев чи вачана гIатIиракьалде. Амма дир ракIги жанги кидаго хутIана магIарухъ. Бакълъулазул тахшагьар, дир гIагараб МелъелтIа росдаде данде дие гьитIиналлъун ва гIисиналлъун ккана Турциялъул Стамбул, Россиялъул Москва ва Шамалъул Дамаск шагьарал.

Унго, гьаниб бугеб лъикI! Сверухъ сихIкьотIун гIенеккун чIарал гIасрабазул чIагояб памятник - мугIрул. Гьелъул ахада хъудулеб лъар, гьенисан чвахулел иццал, цебехун рохь. Узухъда, гьеб кинабго художникасул береда босизе бокьулеб хIалкIвеларо. Цо батIияб рокьиялдалъун бокьула дие магIаруллъи ва гьелъул халкъ.

**ЦIумада мухь.** Гьелъул тIабигIат, беричал мугIрул, гIорал, лъарал, риидалги цIер биунареб гIадало ШугIелмегIер. Жибго гьелъул халкъ, гьезул чIаголъи-жан, гьобол-гьудуласул гьабулеб адаб, хьулухъ. Гьелъул хIакъалъулъ дагьабищха хьвараб ва ахIараб шагIирзабазгун кочIохъабаз.

Араб соналъ Дагъистаналъул адабияталъ кIодо гьабуна машгьурав хьвадарухъан МухIамад Шамхаловасул юбилей. Щаялиго, ракIалъ гьенибе ахIулев вукIаниги, дида рачIел гIиллабаз, Агъваливе ине дие рес ккечIо.

ЦIумадисезул улка-ракьалъул бицунаго, цере рехун рачIуна гьеб ракьалъул зодихъ цIумазде сверарал гьелъул къадруял васал. Гьединаздасан ккола къисматалъ дида данде рачарал, цевеккун 25 соналъ Европарламенталда Турциялъул вакиллъун вукIарав жиндир мунагьал рахчаяв Акнадаса ИсмагIил Илгьам. Совет Союзалъул Германиялда рукIарал аскариязул эркенаб гугарияльул рахьалъ бетIерав тренер, Европаялъул чемпион Ихаку ХIайдарбегов, журналист-альпинист ГIабдурахIман МухIамадов, диргун вацлъи рагIинабурав яхIалъулги къадруялъулги инсан, бизнесмен Лъондодаса ГIумар, дида жив гIемер рагIарав ва дагь лъалев вукIарав, цебеккун ЦIумада районалъе бетIерлъи гьабурав сахаватав инсан МухIамад ХIажидибиров.

Августалъул кIиабилеб бащалъиялда гIодоркьояз хIалхьиялда вугев дихъе кIалъана Лъондодаса ГIумар ХIажидибирил МухIамадица ТIиндире гьоболлъухъ ахIулел ругин нилъилан. АхIи басра гьабугейилан абулеб абиялъе жавабги гьабун, нижеца сапар цIумазул улкаялде бухьана.

**ТIинди.** Жиндир гIорхъи-заниялъе авал-ахир гьечIеб, тIубараб ГIахьвахъ районалъул территориялдаса жиб цIикIкIараб, гьелъул тIабигIаталъул берцинлъиялъул бицун хIалкIвеларо. Цевеккун ЦIумада районалъул бетIерлъун жив вукIарав бизнесмен, жиндир жигаралдалъун щибаб росдал мажгит-къулгIаялъе жинца квербакъарав МухIамадги, гьевгун цадахъ Ханты-Мансийск автономияб округалъул Советский районалъул Первомайск поселокалда кIудияб мажгит барав, гьединабго тIабигIат чорхолъ бессарав гьесул вац, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вукIарав ХIажидибир ХIажидибировги - гьединал васал гIезарурай бахIарчияй эбел йихьизе зиярат гьабун лъикIин ккана ГIумаридаги дидаги. ТIинди росдал больницаялда ятана гьей. Гьоркьохъеб лага-черх, ригь бачиналъ гьурмаде рехарал рукIкIалаби, щияй магIарул гIаданалъе хасиятаб къамартIлъи ва Аллагь-авараг рехсон бицунеб рагIи-калам.

-Хъизаналда гьоркьов гьитIинав, гьав нужер гьудул МухIамад ургьив вукIаго накълулъана гьазул эмен. КигIан захIмалъаби дандчIваниги, дун кьуркьичIо. ГIагарлъиялъ абулеб букIана детдомалде щай кьоларелан. Дица лъиениги рокьиги кьечIо, рукъалде айилан, дур бахIараб гIумру цебе бугилан абулеб букIаниги, гьелъиеги инкар гьабуна. Дун рази йиго дир лъималаздаса, - ян бицана гьелъ нижеда. Мун гурейги тIолабго магIаруллъи рази бугин гIурус ракьалда мажгит эхетарал дур лъималаздасайин, нижецаги гьелъул ракI батулеб калам гьабуна. Нахъеккунги гьей бахIарчияй эбел йихьизе къотIигун нижеца гьелъулгун къо-лъикI гьабуна.

ГIажаибго жиндир росу-ракь бокьулев чи вугоан МухIамад. Лъаларо, цоги гьединан жидерго мегIер-гIалах, гьелъул кулаби ва гьенир ругел гIадамал хирияв чи вукIуневищали. Цо мегIералдаса цоги мегIералде жиндир хIалчIахьаяв ГIалимчулов МухIамадица рахьарал нухаздасан рачана гьес ниж.

3

Гъудул-гьалмагълъи

# АхIи басра гьабичIого...

**ТIиндадерил мугIрулги Анцуялъарал чилиги жеги рихьа-рагIилин абураб хьулалда къо лъикI гьабуна дица ЦIумада мухъалъулгун**

2

-Цо нужго балагъе, гьаб мегIералъул борхалъи буго 4000 -гIанасеб метр. Добцояб лъабгоялъулги гьединабго къадар. Амма нилъеда бихьулеб ГIадало ШугIелмегIер гьездаса 500 метраялъ жеги борхатаб ккола, -ян бицунеб букIана нижеда, гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьоб Шайихилан жинда цIар рекIарав, живгоги бизнесмен Абумуслим-хIажияс.

гIаданцин гуро. Нижер ракьалъул гIадамал гIадан хириял руго ва росуцоял цоцазе гIагарал чагIилъун рикIкIуна нижер ЦIумада мухъалда, - ян абуна МухIамадица. Дидагоги гьедин ккана. Ниж щвараб рохьихьанасул рукъ абулеб бакIалде ва шайихасул хIамамалде рачIунел чагIи гьобол-цIар рехсечIого рачIунел ругоан ва, гьениб бatараб квен-тIехги кванан, на-

рал чемпионал-спортсменал гьенисан рахъиналъе жибго тIабигIаталъ ва Паранг гIадинал гIадамаз квербакъулеб батила.

**УнчучIи мегIер.** Гьеб «квегъизе» тIаде рахарабго, гьенив нижеда ватана живго МахIачхъалаялда чIарав бизнесмен Абубакар. Гьесда лъикIаблъун ккун бугоан гьениб борхалъуда хIухьбахъулел бакIал разе. ХIакъикъаталдаги, хIухьбахъиялъе гьава-бакъ рекъараб, жибго Гъуниб гIадинаб тIабигIат бугеб бакI бугоан гьеб. Носол балал гIадинал бегIерал щобаздасан машинаби унел рихьараб мехалъ черхалда гьаргъар балеб букIана. РакIалде ккола гьенире рачIунел гьалбадерие гьелъ кIудияб асар гьабилилан.

ХIажидибирил МухIамадица нижеда бицана имам Шамилгун цадахъ цIалулев вукIарав машгъурав гIалим Хъварщиса Загъалав дибирлъун вукIараб мажгиталде какал разе рилълъине ругилан. Нижеца кIудияб гъираялда къабул гьабуна гьесул нигат-къасд.

Мажгиталдаса гIемер рикIкIад гьечIеб бакIалда бугоан годекIан. Гьенир ратарал харабазул кIудиясдехун, гIемер соназ ТIиндив мугIалимлъун хIалтIарав Рашид Закаряевасдехун дица абуна: -Щиб хIал бугеб нужер жамагIаталъул? ГодекIаниб щиб бицунеб бугеб?-ан. -Рокьуда сверухъ хабар буго нижер, -илан абуна гьес, гьимулаго. ТIадеги жубана хвезеги бокьун гьечIин, чIаго хутIаниги ургъелги гьечIин. Дие асар гьабуна гьесул жаваб. ХIакъикъаталдаги, рекIелъ рокьи гьечIони, улка-ракьалдеги рокьи кин букIинеб? Дир хIисабалда, нилъер кинабго къварилъи рекIелъа рокьи иналдалъун буго.

ЦIумада мухъалъул чагIи, унго-унголъунги, чорхолъ жангуч цIикIкIарал чагIи ратана дида. КIиго-лъабго хьизан гьабиги гьениб ссиялда буго. Диргун накъиталда вукIарав Рашидил хьизанги жиндаса лъеберго соналъ гьитIинай Чонтаулалдаса лъарагIай йиогаан.

босулев чи вукIанин гьев, гьединав гьунар бугев чи вахъиналдаса жал, тIубараб районго чIухIун ругилан рехсана мугIалимас.

КIиго къо бана нижеца ТIинди. Бакъ щобда нахъа бахчараб мехалъ къо-лъикI гьабуна нижеца гьелъулгун, жеги нахъеги, къисматалъ хьван батани, гьелъул мугIрулги, ахада хьудулеб гIаздалаб тIагIамалъул Анцуя-лъарал чилиги жеги бихьа-рагIине батилин абураб хьулалда.

гьединал баракат-рахIмат бугел васал нижер рукIиналдаса.

Гьобол-гьудуласе бахъун ракI кьезеги хIадурав чилъун вихьана дида ХIажидибиров. Анцуя-магIарде рахиндал, гьениб бугоан цо ашбаз гIадинаб хIухьбахъи гьабулеб бакI. Гьенисан цо чанго манзилалъ тIадехун балагьун индал, нижер гьокочи ГIумарида МухIамадица бихьизабуна цо рохьил рацIцIалъи ва, бачун квергун, абуна гьаб бакI дица дуе сайгъат-садакъаялъе кьолеб



Парангица бараб кьо

Нижее, гIатIиракьалда гIумру-яшав гьабун ругезе, бигьаго букIинчIо борхалъудасан балагьидал, огъохъатинир лъурал кинигин, рихьулел багвалазул ва чIамалазул росабазухъ ралагьизе, хасго цIирахъарал нухаздасан ине. Гьедин ниж маркIачIул гIужда щвана цо колоде, щуго цIараки бугеб бакIалде.

-Дир умумуца магIишат-

хъеги унел ругоан. Гьеб дир бакIин ва гьенир гьарурал харжал рецIизе кколин абураб, нижер гIатIиракьалда ссиялда бугеб иш гьениб хIалтIулеб гьечIоан. Гьеб ракьалда гIурал ва рагIарал, жиндир хIал алжаналъуб батаяв Паранг гIадинал чагIаз гIумру гьабураб тIалъи букIиналъ, гьесул асар гьезухъеги щун батилин ккана дидаго.



яшав гьанисан гьабуна, гьезул адабги цIунун, нижерго хIалалаб магIишат бачунел нижги ругоха, - абун бицана бахъараб хвалчен кинигин якIа-яхарарай Хадижатица.

ГьабсагIат бахъараб хIанги нижер мугIрузда бижараб чIегIеркариги кваназе кколилан чIана ХIажидибиров, жиндирго яцалъул рокъове щварав чи кинигин. Я, дир вац, гьай Гьазиева Хадижат абулей гIадан дур гIагарай-божарай гIаданищан гьикъана дица гьалбал рачIиналдаса гьелъул бугеб рохел бихьидал.

-Гуро, МухIамадрасул, битIун бицани, гьей дида лъалей

**Паранг.** Лъидаха магIарухъ рагIинчIеб гьеб цIар?! Кинго цебечIезабизе кIолеб гьечIо жиндирго гIагараб росулъе тIоцебе машина ине гьес бахъараб нухдаса тIоцебе гьеб машина бачарав, гьаб макъалаялда жив рехсарав МухIамадил инсул рохел, тIоцебе гьеб бихьарал росуцоязул букIараб рохалилаб асар.

Бигьаяб жойищха инсанасул гIумруялъул гьитIинабго болжалалда жаниб 12 км. машинаялъул ва 100 км. сухъмахънухлул, 13 кьо, 4 гьобо ва 1684 пихьил гьветI чIезе ккани?!

Дида бичIчIухье, олимпияълул ва дунялалъул машгъу-



Ханты-Мансийскиялда вацал ХIажидибироваз бараб мажгит.

Дирго сапаралъул ккараб асарги цIиял гьалбадеридасан дирго рохелги загьир гьабидал, ХIажидибировазул рахъалъ гьадин абуна дир гIагарав чи, Агъвали мажгиталъул имам СаидхIусен-хIажияс:

-ГIемер рукIана нижехъ хIакимзабиги цогидал церехъабиги. Амма гьел вацазул гIадинаб сахаватлъиги квербиччайги цогидаз гьабичIо. Ва гьеб цо рагIудалъун бицун хIалкIолеб жо гуро. Хасго Агъ-



Жиндихъ цIалулев вукIанин нужер гьалмагъ ХIажидибиров, гьитIинго бегIерав, заз гIадинав, бачIинахъего рекIелъе дарс

валиб, Хуштада ва щибаб росдал мажгиталда гьезул баракатаб квер чIвачIеб росу-жамагIат батиларо. Ниж рохарал руго

бугилан. Амма ГIумарица гьелдаса инкар гьабуна.

Гьанже гIемер бицунеб буго туризмалъул ва гьелъ кьолел ресазул. «Дир Дагъистаналда» Расул ХIамзатовас хьван букIана мугIрузул росабалъе щварал гьалбадерил, нилъер нухазулги ва цоги гIунгутIабазулги. Нижер хIинкъарал мугIрузул нухазул квалквалазухъ балагьичIого, хIакъикъаталдаги, унго-унгоял нижер гьудулзаби ва гьалбал нижехъе рачIунел ругин, амма гьелъул агълу гурел чагIи рачIунгутIиялдаса ниж пашманлъунги гьечIилан абулеб букIана гIакъилав шагIирас.

Гьанже ссиялда буго туризм цебетIезаби. Узухъда, гьелъ рес кьела нилъее рукIарахъиналъул ва экономикаялъул даража цебетIезабиялъеги. Амма гIицIго гьеб гуро кIвар бугеб жо. Дир хIисабалда, хIажат буго гьанире рачIунез хIисабалде росизе нилъер диналъул тIалабал, рухIияб бечелъи ва гIадатал, нилъер халкъалъул тIабигIат. Гьедин гьабулеб бугони, нилъер наслабазда гьоркьор жеги раккила Паранг, вацал ХIажидибировал гIадал гIадамал.

Дун гьелда божула.

**МухIамадрасул ШайихмухIамадов**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -2310
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Прокурор разъясняет

**Управление транспортным средством в состоянии опьянения, сопряженное с несоблюдением ограничений, может повлечь уголовную ответственность**

Федеральным законом от 18.07.2017 № 159-ФЗ внесены изменения в статью 314.1 Уголовного кодекса РФ, вступившие в силу 30.07.2017.

Управление транспортным средством в состоянии опьянения, сопряженное с неоднократным несоблюдением установленных в соответствии с административным надзором административных ограничений, может явиться основанием для привлечения к уголовной ответственности.

Согласно изменениям, внесенным в статью 314.1 УК РФ, неоднократное несоблюдение лицом, в отношении которого установлен административный надзор, административного ограничения или ограничений, установленных ему судом в соответствии с федеральным законом, сопряженное с совершением данным лицом в числе прочего административного правонарушения, предусмотренного частью 7 статьи 11.5, либо статьей 11.9, либо статьей 12.8, либо статьей 12.26 КоАП РФ, повлечет за собой привлечение к уголовной ответственности.

Кроме того, установлено, что самовольное оставление поднадзорным лицом помимо места жительства или пребывания также места фактического нахождения в целях уклонения от административного надзора, будет являться основанием для применения к такому лицу мер уголовного воздействия.

**Ильяс Вакилов**, прокурор района

## Пенсионный фонд Дагестана разъясняет

В последнее время в сети интернет неустановленными лицами распространяются заведомо ложные сведения о необходимости перерасчета пенсии с указанием несоответствующих законодательству правил перерасчета. Приводятся несуществующие таблицы с указанием надбавок в несколько тысяч рублей за «детей, которые родились в Советском Союзе». Результатом распространения недостоверной информации стали звонки и личные обращения граждан в клиентские службы ОПФР по РД.

В связи с этим Пенсионный фонд Дагестана заявляет - несмотря на то, что такое понятие как «перерасчет пенсии» действительно существует, приведенная в подобных материалах информация не соответствует действительности и вводит в заблуждение пенсионеров.

Периоды работы, в течение которых за гражданина уплачиваются страховые взносы в Пенсионный фонд, называются страховыми. Наряду с ними существуют так называемые нестраховые периоды - когда гражданин не работает и за него работодатели не отчисляют взносы на обязательное пенсионное страхование, но его пенсионные права на страховую пенсию при этом формируются. К таким периодам, например, относятся отпуск по уходу за ребенком до 1,5 лет, уход за инвалидами и пожилыми людьми, служба в армии по призыву. Как и страховые периоды, нестраховые засчитываются в стаж, и за них государство начисляет пенсионные баллы.

Порядок формирования пенсионных прав и расчета страховой пенсии, введенный с 2015 года, позволяет повысить размер назначенной страховой пенсии некоторым пенсионерам, имеющим преимущественно «советский» стаж путем ее перерасчета в соответствии с имеющимися нестраховыми периодами, которые у гражданина были учтены по старым правилам (через оценку пенсионных прав или, исходя из стоимости страхового года) либо при совпадении их с работой учтены как страховые периоды. Прежде всего на такой перерасчет могут рассчитывать пенсионеры, которые имеют двух и более детей, а также те, у которых была невысокая заработная плата и (или) непродолжительный трудовой стаж. В ряде случаев нестраховые периоды по уходу за детьми дают таким пенсионерам больше пенсионных баллов, чем произведенный зачет, в их стаж пенсионных прав исходя из зарплаты.

К нестраховым периодам, за которые предусмотрено начисление пенсионных баллов, относятся:

Стоит учитывать, что за перерасчетом пенсии следует обращаться только тем гражданам, кому она была назначена до 2015 года. При исчислении пенсий, назначаемых по новой пенсионной формуле с 2015 года, по закону учитывается наиболее выгодный вариант, поэтому в их перерасчете нет необходимости.

Перерасчет размера страховой пенсии по старости и по инвалидности в соответствии с нестраховыми периодами происходит по заявлению пенсионера, которое ему (или его представителю) необходимо подать в территориальный орган ПФР, осуществляющий выплату пенсии (то есть по месту нахождения выплатного дела пенсионера).

Помимо заявления также понадобятся:

•документ, удостоверяющий личность (паспорт гражданина РФ, заграничный паспорт гражданина РФ, служебный паспорт гражданина РФ, дипломатический паспорт гражданина РФ);

•документы, подтверждающие нестраховые периоды, засчитываемые в страховой стаж, если они отсутствуют в выплатном деле получателя пенсии (к примеру, для учета периода ухода за ребенком до возраста 1,5 лет - свидетельство о рождении, паспорт ребенка).

Заявление о перерасчете пенсионер может подать в электронной форме через Портал госуслуг. В этом случае не позднее пяти рабочих дней со дня подачи электронного заявления пенсионер обязан представить в территориальный орган ПФР, осуществляющий выплату пенсии, необходимые документы, отсутствующие в выплатном деле, обязанность по представлению которых возложена на заявителя. При этом документ, удостоверяющий личность заявителя, не представляется. Если такие документы не будут представлены в установленный срок, заявление о перерасчете размера пенсии, поданное в форме электронного документа, не подлежит рассмотрению.

Не страховые периоды в первую очередь подтверждаются на основании сведений индивидуального (персонифицированного) учета, которые есть в распоряжении Пенсионного фонда. Если эти сведения оказываются неполными либо отсутствуют, нестраховые периоды подтверждаются соответствующими документами.

Перерасчет размера пенсии производится с первого числа месяца, следующего за месяцем, в котором принято заявление пенсионера о перерасчете размера его страховой пенсии в сторону увеличения, если на то есть основания.

Основаниями для осуществления перерасчета размера страховой пенсии являются:

•наличие не страховых периодов до 2015 года, дающих право на повышение количества пенсионных баллов;

•наличие нестраховых периодов начиная с 2015 года до даты назначения страховой пенсии, дающих право на повышение количества пенсионных баллов.

Если в результате перерасчета пенсии в соответствии с имеющимися нестраховыми периодами ее размер уменьшается, перерасчет не производится.

## Юбилей

# Мисалияй нухмалъулей



23 соналъ цебе рагьана районалда халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб центр, ва жакъа къоялде щвезегIан гьелъие нухмалъи гьабулеб буго МухIамадова Марзигатица.

ГIумрудул лъабкъого соналъул лъабил бутIаялдаса цIикIкIун сонал бокьулеб хIалтIуеги гIагараблъун лъугьараб коллективалъеги кьурай Марзигатил гIумрудулъгун хIалтIулъги рукIана бергьенлъабазул рорженалги, рохалил къоялги, пишацоязул рухIалил ургъел-къварилъиги бихьарал къоял.

Мурадалде балагьизабураб хIалтIул хIасилалги лъикIал рукIиналъе нугIлъи гьабула социалиял хIалтIухъабазе баркала загьир гьабурал кагътал райгазеталъул редакциялде рачIиналъ. Чанги рахъана гьел захIматалъул ва социалияб рахъ цебетIезабиялъул республикаялъул министерствоялъ тIоритIарал къецазулъ чемпионаллъунги призераллъунги, гьезул хIалтIул даража кидаго букIуна церетIуразул кьерда.

Гьелъ нухмалъулеб коллективги буго цогидазе мисалияб къагIидаялъ куцараб, ккаралъуб ракI батулеб рагIи абизеги хIалтIихъулухъ гьабизеги лъалеб.

ХIалбихьи цIикIкIарай, махщел камилай, кIудиязе яслъиги, гьитIиназе эбел-яцлъиги жиндир камичIей Марзигатида гIумрудул иргадулаб юбилейги баркулаго, гьаризе бокьун буго жеги анцIанцI соназ щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хъизан-лъималаздасан йохун хутIи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, икъбал ва талих1.

**Баркигун гьудул-гьалмагъзаби**

## Социалияб хъулухъ

# ГIадамал разияб идара

Халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул хIалтIухъабазулгун, батIаго гьелъул нухмалъулей Марзигат МухIамадовалъулгун ва гьелъул заместитель Зайнаб ГIабдулмуслимовалъулгун дир кидаго букIана ва буго ракIжубараб гьоркьоблъи, щай гурелъул дие цIакъ рекIее гIола гьезул районазда гьоркьор ва республикаялда жидерго хIалтIи бокьизабизеги конкурсазда гIахьаллъизеги бугеб къеркьей.

Гьединлъидал, мугIалим хIисабалда, диргун гьез ккун буго щулияб бухьен, дица бажарараб кумекги гьабула гьезие. Масала, ТIадгьаквари гьез лъикIаб даражаялда тIобитIана херазулгун данделъи ва гьезие сайгъатал кьеялъул тадбир. Гьенив гIалъаллъизе рес щварав дида бихьана гьеб коллективалъул гьабулеб хIалтIулъ бугеб гIадлу, гIадамаздехун гьезул бугеб хIеренаб кIалъайги лъикIаб бербалагьиги. Росулъ гьезул хIалтIухъабаз кIудияб бербалагьи гьабула жидеца хъулухъ гьабизе кколел гIадамазда сверухъ. Лъала, централъул нухмалъиялъул божилъиялъги тIалабалъги гьеб хIалтIи росулъ жегиги лъикIлъизе букIин.

Халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб центр буго херазе ва гIажизазе рес гьечIеб центр. Дир ва нижер ТIадгьаквари росдал гIадамазул рахъалдаса бокьун буго гьезие баркала загьир гьабизе. Гьелъул нухмалъи щвечIеб росу, дида лъала, районалда гьечIо.

Гьарула централъул хIалтIухъабазе сахлъи, рохел, аваданлъи, халкъалъе гьабулеб хъулухъалъулъ свакангутIи, киналъулъго битIккей ва гьабулебщиналъулъ икъбалгун талихI.

**МухIамадзакир Абулмуслимов**, ТIадгьаквари росу

## Зигара балеб буго

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго вацал Завурбег, Мухтар ва ГIабдурахIман МухIамадовазда гьезул хирияй эбел

**ГIайшат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъул рухI иманалда бахъун батаги.

ТIадеги лъай кьолеб районалъул централъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Завурбег МухIамадовасда гьесул хирияй эбел

**ГIайшат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъул рухI иманалда бахъун батаги.

ТIисси гьоркьохъеб школалъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Завурбег, Мухтар ва ГIабдурахIман МухIамадовазда гьезул хирияй эбел

**ГIайшат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъул рухI иманалда бахъун батаги.

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Мисуд МухIамадовалда гьелъул хирияв эмен

**СагIадула**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварасул рухI иманалда бахъун батаги. Нахъе хутIараб гIагарлъиялъе сабруги кьеги.

Райбольницаялъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго медсестраби ПатIимат ва Мадина МухIамадовазда гьезул хирияв эмен

**СагIадула**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварасул рухI иманалда бахъун батаги. Ахираталъул лъикIлъабаздаса вохизавун ватаги.